

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Métopologi Panalungtikan**

Métode panalungtikan nya éta cara anu utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan (Surachmad, 1983:21). Dumasar kana tujuan nu baris dihontal, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Métode déskriptif digunakeun pikeun ngagambarkeun hiji kaayaan objék anu ditalungtik tur ngébréhkeun aspék-aspék anu dijadikeun puseur perhatian dina panalungtikan.

Métode déskriptif mangrupa hiji métode pikeun ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data (Surachmad, 1983:143)

Métode panalungtikan déskriptif ngabogaan tujuan pikeun ngadéskpsikeun, nya éta nyieun gambaran sacara sistematis jeung faktual ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu (Amir Suryatna, 1994:19).

#### **3.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- (1) Téhnik ulikan pustaka jeung analisis téks dilaksanakeun ku cara nalaah sumber anu rélévan jeung masalah anu ditalungtik sarta bisa ngarojong léngkah-léngkah dina nyusun laporan panalungtikan. Téhnik ulikan pustaka ieu digunakeun dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data jeung bahan, ku

cara maca jeung nalaah data dina naskah berita nu aya patalina jeung panalungtikan,

- (2) Obsérvasi naskah atawa wacana, digunakeun pikeun ngaidéntifikasi jeung nyirian sakabéh kecap barang wacahan dina naskah berita .

### 3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Dina panalungtikan ieu nu jadi alat pikeun ngumpulkeun data nya éta mangrupa kartu data. Data kecap barang wacahan dicatet dina kartu data anu geus disusun sacara alfabétis. Ieu di handap conto kartu datana:

**Gambar 3.1.**

**CONTO KARTU DATA KECAP BARANG WANCAHAN  
DINA NASKAH BERITA BASA SUNDA**

No	No Data
Data	: WB/32/10
Analisis	: Cagub
Papanjangna	: Calon Gubernur
Wanda	: Kecap Tingkesan

Sakabéh data nua aya dina kartu data téh disusun sacara alfabétis dina wangun tabél di handap ieu.

**TABÉL 3.1.**

**DATA KECAP BARANG WANCAHAN  
DINA NASKAH BERITA BASA SUNDA**

No.	No Data	Wangun kecap	Kode data
1	2	3	4

Katerangan:

No = Nomer urut

No data= Nomer data

Wangun Kecap = Kecap barang wancahan

Data kecap barang wancahan téh disusun terus dianalisis dumasar kana Papanjangna kecap, wanda kecap, pola kecap. Hasil analisis didéskripsikeun wangun tabél, saperti ieu di handap.

1. Hasil analisis papanjangna kecap barang wancahan, didéskripsikeun dina wangun tabél di handap ieu

**TABÉL 3.2**

**PAPANJANGNA KECAP BARANG WANCAHAN**

No Data.	Wangun kecap	Papanjangna kecap	f
1	2	3	4

2. Hasil analisis Wanda kecap barang wancahan, didéskripsikeun dina wangun tabél di handap ieu.

**TABÉL 3.3**

**WANDA KECAP BARANG WANCAHAN**

No. Data	Kecap barang wancahan	f	Wanda Kecap
1	2	3	4

**3.4. Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

**3.4.1. Populasi**

Populasi nya éta sakabéh sumber data anu jadi objék panalungtikan (Suryatna, 2002:11). Unggal panalungtikan salawasna pakait jeung populasi. Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap *barang wancahan dina naskah berita basa Sunda di media éléktronik*.

**3.4.2. Sampel**

Nu dimaksud sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi anu ditalungtik (Arikunto, 1989:104). Dumasar kana watesan jeung tujuan panalungtikan, nu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta sampel total, sampel nu jumlahna sarua jeung populasi. Jadi, sampel nu baris digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta *kecap barang wancahan dina naskah berita basa Sunda di Bandung TV(periode januari 2008)*.

### 3.5. Téhnik Ngolah Data

Sajéroning data kumpul, tuluy diolah. Ari ngolahna ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu:

- a. Ngecék data, anu tujuanna pikeun meunangkeun bebeneran nepi ka bisa meunangkeun data nu keunna(*valid*),
- b. Nyusun tabél kecap barang wacahan sacara alfabétis bari nyatet frékuénsi jeung sumber datana,
- c. Ngadéskripsikeun kecap barang wacahan dumasar kana papanjangna kecap , wanda jeung pola kecap barang wacahan
- d. Nganalisis jeung napsirkeun kecap barang wacahan
- e. Nyusun kacindekan.

